

Sa Ou Dwe Konnen Sou FHEPS oswa Lèt pou Makèt ak Sèvis Piblik CITYFHEPS yo (Haitian Creole)

FHEPS ka itilize pou lwe yon apatman nan senk (5) awondisman vil New York yo. CityFHEPS ka itilize pou lwe yon apatman nenpòt kote nan Eta New York oswa pou lwe yon sèl chanm nan yon apatman oswa Okipe yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO) nan senk (5) awondisman vil New York yo. Kantite lajan lwaye ak sèvis piblik sou dokiman sa a valab sèlman pou lokatè potansyèl FHEPS yo oswa pou lokatè potansyèl CityFHEPS yo ki ap deplase anndan Vil New York la.

Si ou se yon lokatè potansyèl CityFHEPS epi ou pral deplase andeyò Vil New York la, men anndan Eta New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la pou jwenn pri tout eta yo nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Kantite lajan ou wè ki ekri nan lèt pou makèt (shopping letter) la se kantite maksimòm ou ka lwe yon apatman lè yo enkli tout sèvis piblik yo, tankou chofaj, dlo cho, elektrisite ak gaz pou kwit manje.

Tablo ki anba a ap ede w idantifye kantite lajan maksimòm bon ou an genyen pou lwaye, si w responsab pou kèk oswa pou tout sèvis piblik yo:

Kantite Moun ki nan Fanmi an	Kantite Chanm a Kouche	Nòm Peman* (Apati 07/01/2025)
1	SRO**	\$1,985
1	Estidyo	\$2,646
1 oswa 2	1	\$2,762
3 oswa 4	2	\$3,058
5 oswa 6	3	\$3,811
7 oswa 8	4	\$4,111
9 oswa 10	5	\$4,728
11 oswa 12	6	\$5,345
13 oswa 14	7	\$5,962
15 oswa 16	8	\$6,579
17 oswa 18	9	\$7,196
19 oswa 20	10	\$7,812

* Estanda pèman ki nan tablo ki anwo a se kantite maksimòm lwaye si tout sèvis piblik yo enkli nan kontra lwaye a.

** SRO aplike sèlman pou CityFHEPS.

(Vire paj la)

Sa Ou Dwe Konnen Sou FHEPS oswa Lèt pou Makèt ak Sèvis Piblik CITYFHEPS yo (*kontinye*)

Kijan mwen ka konnen ki sèvis piblik yo enkli?

- Kontra lwaye yo pwopoze a ap di w ki sèvis piblik yo enkli
- Lis la ka di tou ki sèvis piblik yo enkli. *Pa egzanp: chofaj ak dlo cho enkli ladan li.*
- Ou ka mande koutye a oswa mèt kay la

Èske mwen ka dakò pou m peye pwopriyete a diferans lan?

Non, ou pa ka dakò pou w peye pwopriyete a diferans lan. Se sa yo rele yon "aranjman sou kote" e pwopriyete yo pwomèt pou yo pa fè sa lè yo aksepte pran bon an. Sa ede nou asire nou ke lwaye w la koute kantite lajan ki nan kontra lwaye a epi li pèmèt nou toujou gen lwaye ki abòdab pou tout moun.